

D+S

M

**Akèy**

Lc 10,38-42

16<sup>e</sup> dimanche ordinaire C

Paroles et Musique : 29-07-2010  
 Ste. Marthe, S. Lazare, Ste Marie

<b>R. Mat ap sèvi Jézu lakay, Jézu résiséti Laza ; Lè-n résévoua Jézu nan frè-n, Li sové-n.</b>	Lc 10,38-42 Jn 11,1-44 Mt 25,34-40
1. <i>Abraam</i> résévoua Bondié Nan Toua Pèsonaj k-ap pasé ; Madanm li pa-t kab fè pitit, Li géri.	Gn 18,1-15
2. <i>Lòt</i> akéyi dé vouayajè, Sé Anj Bondié voyé sové-l ; Sodòm, Gomò boulé, détrui, Li chapé.	Gn 19,1-26 He 13,1
3. <i>Jédéyon</i> ofri pin ak viann Bay Anj la ki parèt dévan-l ; Lapè Granmèt la avèk li Pou-l batay.	Jg 6,11-24
4. <i>Madanm Manoa ak mari-l</i> Résévoua Anj la, yo sèvi-l ; Malgré madanm nan té stéril, Samson fet.	Jg 13,2-26
5. <i>Vèv Sarépta-a</i> bay Éli dlo Ak galet pin li té mandé ; Lè ti gason-l nan vi-n mouri, Li lévé-l.	1 R 17,7-24
6. <i>Sunamit</i> la ki té stéril Bati yon kay pou Élizé ; Li fè pitit, pitit mouri, Li réviv.	2 R 4,8-34
7. <i>Tobi</i> akéyi Rafaèl Tankou moun k-ap chèché travay, Anj la géri ni madanm li Ni papa-l.	Tb 5,4-17 Tb 6,5.17-18 ; 8,2-3 Tb 11,7-8
8. Tou sa nou fè pou frè mouin yo, Sé pou mouin minm minm nou té fè-l ; Nou pap pèdi rékonpans nou, Li séré.	Mt 25,40
9. Mouin pat- gin kay, nou résévoua-m ; Mouin té grangou, nou ban-m manjé ; Mouin té souaf dlo, nou ban mouin bouè ; Vi-n nan sièl.	Mt 10,42 Mt 6,4 ; Lc 14,14 ; 16,9 Mt 25,35
10. Mouin té malad, nou vizité-m ; Mouin té nan kont, nou ban-m lapè ; Mouin té mouri, nou antéré-m ; Vi-n nan sièl.	Mt 25,34 Mt 25,36 Ep 4,26.32 ; Rm 12,17-18 ; Col 3,13 ; 2 Co 5,18-20 Tb 2,4 ; 12,13